



KOMAN POU W PALE AK YON TIMOUN KONSÈNAN DEPÒTASYON

Anpil fwa timoun enkyete lè granmoun bò kote yo enkyete tou. Nouvèl y o ak konvèsasyon granmoun konsenan depòtasyon ka lakoz anpil enkyetid pou timoun paske yo pa konprann regleman lalwa epi yo pè separe ak paran yo.

PWOBLÈM KE ANPIL TIMOUN GENYEN PANDAN PERYÒD ESTRÈS:

- Chanjman nan fason yo abitye dòmi ak manje (enkli move rèv)
- Kriye
- Santi yo pè
- Ansyete
- Retrè (espesyalman adolesan)
- Atachman/kole (sitou timoun piti)
- Santi yo fache
- Konpòtman agresif
- Retounen deyè nan konpòtman oswa developman
- Pwoblèm konsantre lekòl

KOMAN PARAN YO KA EDE TIMOUN YO KI ENKYETE/ESTRESE:

- Gen yon konvèsasyon ki alèz epi ki nan nivo konpreyansyon timoun nan. Eksplike mo depòtasyon, imigan ak ilegal (sonje timoun nan ap tandè lòt moun. Alò li pi bon pou yo jwenn bon enfòmasyon nan men paran yo).
- Kenbe yon orè (tankou lè manje, devwa, ak lè dòmi). Orè ede timoun nan santi l' an sekirite.
- Toujou voye timoun nan lekòl.
- Eseye fè yon konvèsasyon granmoun lè timoun nan pa la.
- Fèmen sous nouvèl yo tankou radio ak television. Yo nan nivo ki difisil pou timoun nan konprann..
- Pataje plan fanmi an ak timoun nan si yo ta kenbe yon paran (tankou kiyès ki pral pran timoun nan oswa kote l' prale ak kiyès ka va veye timoun nan pandan paran pa la).
- Pa bay manti ni fè pwomès ke ou pa finn kwè wap ka kenbe.
- Fè timoun nan konen epi santi ke wap fè plan pou sekirite li.
- Pran swen tèt ou. Timoun pi byen fonksyone lè paran yo an sante epi poze.

PREPARASYON KE YON PARAN DWE FÈ ANVAN YON IJANS:

- Prepare yon dokiman legal ki chwazi yon granmoun ou fè konfyans pou pran swen timoun nan si depòtasyon ta rive oswa yo ta ale avèk yon paran .
- Kenbe yon kopi batistè timoun nan, sosyal li, ak paspò l'. Bay yon granmoun ou fè konfyans yon kopi.
- Kenbe papye benefis piblik ke timoun nan genyen. Bay yon granmoun ou fè konfyans yon kopi.
- Kenbe papye lekòl timoun nan. Bay yon granmoun ou fè konfyans yon kopi.



www.**FSUSTRESS**.org

POU PLIS ÈD POU PITIT OU OSWA POU TÈT OU:



Pale ak yon doktè



Contact Sant Pou Sante e Estrès Pou Timoun Ki Nan Inivèsite Eta Florid: (239) 658-3123 or www.fsustress.org